

Pou Piblikasyon Imedya: 07/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOMÈT POU ENTEGRE DESIZYON ROE V. WADE NAN
KONSTITISYON ETA NEW YORK NAN KAD PASAJ LWA SOU SANTE
REPWODIKTIV**

***Pwomèt pou li pa pase bidjè jiskaske Lwa sou Sante Repwodiktiv ak Lwa Asirans
Konplè pou Kontrasepsyon pase***

Pral avanse lejislasyon ki sipòte Lwa Asirans Konplè pou Kontrasepsyon

Pati Pwogram Jistis 2019 Gouvènè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te pwomèt pou li kodifye desizyon Lakou Siprèm Roe v. Wade anndan Lwa New York nan kad pasaj Lwa sou Sante Repwodiktiv (Reproductive Health Act, RHA), pou dekriminalize aksè fanm genyen pou avòtman ak pwoteje doktè ki pèfòme yo yon fwa pou tout. Pi bonè jodi a, Gouvènè a te mobilize pou pasaj RHA, pwomèt pou li pase lwa a nan 30 premye jou apre sesyon lejislatif la bò kote ansyen Sekretè Deta Hillary Clinton, Lyetnan Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, ak esponsò lwa a Senatè Liz Krueger ak Manm Asanble Deborah Glick. Pasaj RHA a fè pati [Pwogram Jistis](#) 2019 Gouvènè a pou premye 100 jou nan sesyon lejislatif la, yo te prezante an Desanm.

Anplis, Gouvènè a te anonse li pral avanse lejislasyon ki sipòte Lwa Asirans Konplè pou Kontrasepsyon (Comprehensive Contraceptive Coverage Act), ki ta pral rann pèmanan regleman Gouvènè Cuomo te dekrete atravè [Dekrè Ekzekitif](#) an 2018. Lejislasyon sa a ta pral kodifye kondisyon nan kad Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act) kote founisè asirans sante dwe ofri asirans kontrasepsyon gratis nan asirans yo anndan lwa Eta New York. Gouvènè a te pwomèt pou li pa pase bidjè a jiskaske yo pase toulède Lwa sou Sante Repwodiktiv ak Lwa Asirans Konplè pou Kontrasepsyon.

“Nan tan ensèten sa yo, li vital pou nou kodifye desizyon Roe v. Wade kòm lwa eta a, epi pran yon pa adisyonèl, nou pral goumen pou nou pase yon modifikasyon konstitisyonèl ki ekri anndann Konstitisyon an yon pwovizyon ki pwoteje dwa fanm pou li pwoteje pwòp sante repwodiktiv li”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral pase li, mete li sou bilten vòt la, epi nou pral ekri l anndan Konstitisyon an epi nou pral kapab di nou pwoteje dwa fanm nan yon fason pèsòn pat fè anvan sa.”

“Kòm gadyen flanbo pou dwa fanm kote yo te limen l premye fwa nan eta lakay nou nan ale depi an 1848, nou gen yon responsablite moral pou kontinye konba sa a jodi a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Se sa pwochen sesyon an pral akonpli - pou entegre kòm lwa pwoteksyon ki nesèsè depi tèlman lontan. Nan kad anivèsè Roe v. Wade pita nan mwa sa a, nou pral finalman kodifye Roe v. Wade kòm lwa eta a pandan yon moman kote gouvènman federal la ap menase dwa fanm.”

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), di konsa, “Fanm atravè tout peyi a ap fè fas ak yon atak san parèy sou swen sante yo epi li pi enpòtan jodi a plis pase anvan pou gen yon lidè ki pa pè pou afwonte Washington. Gouvènè Cuomo fè plis bagay pase tout lòt moun pou avanse dwa fanm nan nasyon an epi plan l pou kodifye Roe v. Wade anndan Konstitisyon Eta New York la pral ede pwoteje swen sante fanm nan eta sa a yon fwa pou tout, asire yo pa retire tikal pa tikal dwa debaz nou. Anba lidèchip Gouvènè a, New York te etabli yon ekzanp pou rès nasyon swiv epi kòm eleman nan Pwogram Jistis 2019 lan nou pral kontinye rete alatèt konba sa a”.

Atravè administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te sipòte ak fòs kodifikasyon Roe v. Wade anndan lwa eta a. An 2018, lè Lakou Siprèm te panche nan sans yon majorite konsèvatè, Gouvènè a [te mande](#) Sena a pou retounen nan Albany pou pase lejislasyon sa a, pou prezève valè pwogresis New York epi defann kont atak kontini Administrasyon Trump lan sou dwa fanm. Pandan dènye sis ane yo, Gouvènè a nan yon fason konsistan te mande Sena a pou l pase lejislasyon ki kodifye pwoteksyon sa yo anndan konstitisyon eta a, epi li te pase fasilman atravè Asanble an chak fwa nan ane sa yo.

Nan Dawou 2018, Gouvènè Cuomo [te lanse](#) yon kanpay sansibilizasyon piblik ki te sèvi pou konekte fanm ak sèvis sante repwodiktiv ki konplè ak konfidansyel. Kanpay la te yon repons dirèk konsènan rapò alaman Sant Kriz Gwosès ki tap mal reprezante tèt yo kòm sant sante pou yo ka dekouraje fanm k ap chache avòtman pou yo ale jiskobou ak desizyon an. Kanpay Gouvènè a te prezante piblisite ki gen enfòmasyon klè, faktyèl nan plizyè lang pou te pi byen enfòme fanm atravè eta a sou opsyon sante repwodiktiv yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)